



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO LISANS AGRIKÒL POU FÈM ETABLISMAN DIVEN KI FÈT AK MYÈL OSWA IDWOMYÈL NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2019 LA

Pwopozisyon ap Kontinye Devlopman Endistri Bwason Atizanal ki Kiltive Lakay New York la

Pèmi an pral Estimile Ogmantasyon Demann pou Myèl ki Pwodwi nan New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Bidjè Ane Fiskal 2019 la gen ladan yon pwopozisyon pou kreye yon lisans agrikòl pou fèm etablisman diven ki fèt ak myèl oswa idwomyèl la, ki se yon nouvo lisans agrikòl similè a sila ki disponib pou fèm etablisman diven yo, brasri yo, distiyri ak sidri yo. Idwomyèl, yo konn rele tou “diven myèl” la se yon bwason alkolik yo kreye lè yo fèmante myèl ak dlo, ke yo ka vin enfize gou fwi, épis, fèy ak flè ladan.

“New York se premye pwodiktè myèl nan rejyon Nòdès la, epi lè nou ogmante opòtinite pou fèm yo pwodwi idwomyèl, sektè manifakti bwason alkolize pwospè nou an pral kontinye devlope”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kreyasyon lisans agrikòl pou fèm etablisman diven ki fèt ak myèl oswa idwomyèl la pral ede ranfòse de gran endistri sa yo nan New York, epi plis ajoute sou ekonomi touristik nou an, sa k ap alimante kat kwen gran eta sa a.”

Lisans agrikòl pou fèm etablisman divèn ki fèt ak myèl oswa idwomyèl la pral otorize etablisman ak lisansman fèm etablisman diven ki fèt ak myèl yo pou yo pwodwi ak vann idwomyèl yo fè ak myèl ki pwodwi nan Eta New York la. Dispozisyon an ap pèmèt fèm etablisman divèn ki fèt ak myèl yo pwodwi “braggot”, ki se yon bwason malta yo fè ak myèl, anplis de malta, oublon, fwi, épis, fèy, ak oswa lòt pwodwi agrikòl. Pou yo jwenn yon lisans agrikòl pou fèm etablisman diven ki fèt ak myèl, idwomyèl la oswa braggot la dwe fèt esklizivman ak myèl ki pwodwi nan Eta New York epi yo pa gen dwa pwodwi plis pase 250,000 galon chak ane. Y ap pèmèt fèm etablisman diven ki fèt ak myèl yo pou yo vann pa vè, ofri echantiyon gouste, epi vann a anpòte non sèlman idwomyèl ak braggot la, men tou nenpòte byè, diven, sid, ak alkòl fèm Eta New York yo pwodwi.

Menm jan ak lòt lisans agrikòl New York yo, fèm etablisman diven yo pral gen privilèj pou yo distribiye pwodwi yo pou kont yo, anplis de kapasite pou yo komèsyalize ak vann pwodwi yo atravè machann an gwo ki la deja yo. Yo pral pèmèt fèm etablisman

diven yo pou yo ouvri restoran ak boutik kado yo, epi y ap gen kapasite pou yo opere jiska senk branch magazen andeyò sit prensipal yo gratis nenpòt kote nan eta a. Menm jan ak sid bri yo pwodwi nan New York yo, y ap vann idwomyèl New York la nan episri ansanm ak nan magazen alkòl ak diven yo. Nouvo lisans lan ap koute 75 dola chak ane. Aktyèlman la, se sèlman fèm etablisman diven yo, ki dwe sitiye sou yon fèm, ak etablisman diven komèsyal yo, ki koute 3,025 dola nan frè pou lisans ak lyen yo, ki ka pwodwi diven.

Byenke se segman ki pi piti nan endistri pwodiksyon bwason atizanal la, sektè idwomyèl la ap devlope rapid. Yon rapò Asosiyasyon Fabrikan Idwomyèl Ameriken yo (American Mead Makers Association) te konpile sou endistri a an 2017 te jwenn kantite etablisman diven ki fèt ak myèl nan Etazini an ogmante soti sèlman 30 an 2003 vin 300 nan kòmansman 2016 la. Anplis de ranfòsman sektè bwason atizanal New York la ki deja ap fleri a, kreyasyon lisans agrikòl pou fèm etablisman diven yo pral pi sipòte pwodiksyon myèl nan New York.

New York rete premye pwodiktè myèl nan rejyon Nòdès la, avèk pwodiksyon myèl la k ap ogmante regilyèman pandan senk dènye ane yo. Valè total pwodiksyon myèl New York la te prèske 12 milyon dola an 2016, ki te ogmante pa plis pase 1 milyon dola apati kantite 2015 lan yo epi li te ogmante pa plis pase 6 milyon dola apati kantite 2011 lan yo. Daprè Depatman Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture), apikiltè ki gen senk koloni oswa plis yo, pwodiksyon myèl New York la te ogmante de 33 pousan, soti 2.74 milyon liv an 2011 rive 3.65 milyon liv an 2016. Anplis de sa a, danre tankou pòm, seriz, bliyè, kouj, joumou, ak lòt danre ki depann anpil de prezans polinizatè, avèk abèy myèl New York yo k ap polinize yon kantite ki vo prèske yon mwatye milya dola danre agrikòl chak ane.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyone Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, endistri bwason atizanal Eta New York la an plen ekspansyon. Nouvo lisans sa pral sipòte kreyasyon djòb epi ankouraje kwasans nan ekonomi agrikòl, bwason atizanal ak touris yo”.

Komisyone Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Eta New York la briye nan plizyè bagay – pwodiksyon myèl ak bwason atizanal se de ladan yo. Se toutafè natirèl pou nou mete endistri sa yo ansanm. Menm jan nou te wè ekspansyon pwodiksyon byè, diven, alkòl, ak sid la, gen anpil demann pou engredyan frè ki gen meyè kalite epi pwodiktè yo ap jwenn yo nan fèm lokal yo. Atravè lansman lisans pwodiksyon bwason atizanal ki baze nan fèm yo, Gouvènè Cuomo kreye yon bèl sinèji ant kiltivatè yo ak pwodiktè yo. Nouvo lisans sa pral kontinye ranfòse koneksyon sa yo”.

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare, “Idwomyèl se youn nan segman k ap devlope pi rapid nan endistri bwason atizanal la, epi pwopozisyon Gouvènè a fè ak nouvo lisans sa a ap kapitalize sou kwasans sa epi ogmante demann pou engredyan ki kiltive onivo lokal yo. Fabrikan bwason atizanal yo ak pwodiktè myèl nan Eta New York la yo pral wè yo ajoute valè sou biznis yo, sa k ap plis ankouraje kwasans endistri sa yo k ap boujonnen yo”.

Senatè Patty Ritchie, ki se Prezidan Komite Agrikòl la, te deklare, “Deja yon endistri lidè nan New York, se jan de politik gayan-gayan sa yo ki pral ede devlope sektè Agrikilti a menm plis ankò. Nouvo lisans sa a ap bay pwodiktè myèl reyisi nou yo yon nouvo mache pou yo vann pwodwi yo epi bay endistri bwason atizanal yo fabrike onivo lokal k ap monte an flèch la plis opsyon pou founi kilyan yo k ap chache egzakteman sa. Li pral ankouraje kwasans djòb epi kreye yon nouvo mache pou touris. Lè nou devlope opòtinite sa yo, nou ap asire avni sektè agrikilti Eta New York la ak ekonomi eta New York la an jeneral”.

Senatè Rich Funke, ki se Prezidan Zafè Kiltirèl, Touris, Park ak Lwazi a, te deklare, “Antanke Prezidan Komite Touris Sena, mwen fyè de travay nou te fè pou nou devlope endistri bwason atizanal isit la nan New York. An fèt, se sektè touris la k ap mentni 8.3% nan tout anplwa nan Eta New York la epi an 2016 sèlman te gen 2.7% kwasans nan depans vwayajè yo te fè. Endistri bwason atizanal nou an jwe yon wòl konsiderab nan atire vizitè ak ankouraje depans nan plizyè lòt sektè touris ankò. Mwen kontan anpil pou m sipòte nenpòt pwopozisyon k ap ekilibre tèren jwèt la pou tout nouvo bwason atizanal yo”.

Manm Asanble William Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikòl la, te deklare, “Lisans agrikòl pou fèm etablisman diven ki fèt ak myèl la pral ouvri nouvo mache enteresan pou apikiltè New York yo, k ap rann li posib pou yo agrandi nan ekonomi sektè touris la k ap devlope a epi fleri santye bwason atizanal yo”.

Manm Asanble Daniel J. O'Donnell, ki se Prezidan Komite sou Touris, Pak, Devlopman Atizay ak Espò Asanble a, te deklare, “Kreyasyon lisans agrikòl pou fèm etablisman diven ki fèt ak myèl la pral yon adisyon enkwayab pou repètwa fèm etablisman diven ak sidri ki deja an ekspansyon epi yo byen respekte nan New York yo. Antanke Prezidan Komite Atizay ak Touris la, mwen kontan anpil pou enpak ekonomik lisans sa a pral gen toupatou atravè eta a. Pwodiksyon idwomyèl se sèlman yon pati nan ogmantasyon ekonomik lan, pandan y ap ajoute prim ankourajman pou kreye ak agrandi nich pou pwodiksyon myèl yo pral gen enpak san parèy sou pwodiksyon agrikòl ak ekosistèm nan yon moman kote myèl yo a risk. M pral leve yon vè idwomyèl pou sa”!

Sam Filler, Direktè Egzekitif Fondasyon New York Wine & Grape, te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, endistri bwason atizanal New York la te devlope nan yon to istorik, k ap sipòte fèm etablisman diven yo, brasri yo ak sidri atravè eta a yo. Avèk adisyon nouvo lisans agrikòl pou etablisman diven ki fèt ak myèl la, Gouvènè a te deplase baryè k ap anpeche agrandisman yo yon lòt fwa ankò epi li te ofri opòtinite pou sektè sa k ap fleri a pou l kontinye ofri pi meyè bwason atizanal alafwa pou rezidan yo tankou vizitè yo”.

Paul Leone, Direktè Egzekitif, New York State Brewers Association, te deklare, “Piske tout bwason atizanal yo fèt a baz pwodwi agrikòl, li fè trè bon sans pou ajoute fèm braggot ak idwomyèl yo nan lis kwasan ki gen endistri bwason atizanal ki baze nan fèm yo nan Eta New York. Sa se pa sèlman amelyore lisans agrikòl pou endistri ki baze nan fèm atravè eta yo sèlman, men tou bay yon nouvo pwodwi atizanal yon ranfòsman pou fèl monte pou plis elve endistri bwason atizanal la nan eta nou an”.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York kontinye reyalize yon seri chanjman lejislatif ak politik pou kapitalize sou demann kliyan yo k ap ogmante pou bwason atizanal ki pwodwi onivo lokal yo epi rann li pi fasil pou moun ouvri ak opere yon biznis manifakti bwason atizanal. Amelyorasyon sa yo te gen ladan rediksyon taks ak frè yo, ofri sipò pou rechèch, kreyasyon nouvo lisans pou brasri ak sidri fèm yo, eliminasyon règleman restriktif yo, rediksyon a mwatye kantite tan li pran pou moun jwenn lisans yo ak restriktire ansyen lwa sou kontwòl Bwason Alkòl eta te genyen an. Refòm sa yo te antrene yon ogmantasyon de 150 pousan nan kantite nouvo fabrikan fèm bwason atizanal depi premye Somè sou Diven, Byè ak Alkòl Gouvènè a te fè an 2012 la, ki ogmante soti nan 282 lisans an 2012 rive 703 jodi a, ki gen ladan 194 brasri fèm ak 42 sidri fèm.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418